

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung analisis data ngeunaan impleméntasi modél pangajaran *Time Token Arends* dina pangajaran nyarita diskusi bahasan budaya Sunda siswa kelas VIII.2 SMPN 4 Cimahi taun ajaran 2014/2015, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nyarita dina diskusi siswa SMPN 4 Cimahi saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Time Token Arends* kagolong kana can mampuh, rata-ratana nya éta 66,2 tina kritéria katuntasan minimal (KKM) 74. Kalawan rincian genep siswa (22,22%) geus mampuh nyarita dina kagiatan diskusi kalawan hadé, jeung 21 siswa (77,78%) can mampuh nyarita dina kagiatan diskusi kalawan hadé.
- 2) Kamampuh nyarita dina diskusi siswa kelas VIII.2 SMPN 4 Cimahi sabada ngagunakeun modél pangajaran *Time Token Arends* kagolong kana geus mampuh, rata-ratana nya éta 80,85 tina kritéria katuntasan minimal (KKM) 74. Kalawan rincian 24 siswa (88,89%) mampuh nyarita dina kagiatan diskusi kalawan hadé, jeung tilu siswa (11,11%) masih kénéh can mampuh nyarita dina kagiatan diskusi kalawan hadé.
- 3) Dumasar hasil uji hipotésis anu nandeskeun yén $t_{hitung} > t_{tabel}$ atawa $14,68 > 2,48$, hartina hipotésis kerja (H_a) ditarima jeung hipotésis nol (H_o) ditolak. Hasil tina éta panalungtikan bisa dicindekkeun yén aya béda anu signifikan antara kamampuh nyarita siswa dina diskusi saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Time token Arends*. Modél *Time Token Arends* sacara signifikan bisa ngaronjatkeun kamampuh nyarita siswa kelas VIII.2 SMPN 4 Cimahi taun ajaran 2014/2015 hususna dina kagiatan diskusi bahasan budaya Sunda. Dumasar kana hasil peunteun rata-rata pretés tina 66,19, sabada ngagunakeun modél *Time Token Arends* peunteun rata-rata postés jadi 80,85.

5.2 Implikasi

Léngkah-léngkah ieu panalungtikan dibéréndélkeun ieu di handap.

- 1) Siswa kelas VIII.2 dikondisikeun pikeun ngalaksanakeun diskusi (*cooperative learning/CL*).
- 2) Siswa dibagi kana opat kelompok, masing-masing anggotana genep nepi ka tujuh urang.
- 3) Unggal kelompok dibagi 2 téma jeung pasualan ngeunaan budaya Sunda pikeun didiskusikeun jeung kelompokna. Kelompok I jeung kelompok II ngabahas “Hajat Babarit”, kelompok III jeung IV ngabahas “Dogér Kontrak”.
- 4) Siswa sacara individu dibéré waktu 10 menit pikeun maca bahasanna masing-masing.
- 5) Sabada maca, siswa bagilir ngasongkeun pamanggihna dina diskusi. Unggal siswa dibéré tilu kupon nyarita kalawan waktu kurang leuwih 30 detik pikeun nepikeun pamadeganana.
- 6) Unggal nepikeun pamadeganana, siswa masrahkeun hiji kupon ka ketua kelompokna.
- 7) Siswa nu geus béak kuponna, teu meunang nepikeun pamadeganana deui. Siswa anu masih kénéh nyekel kupon, kudu nepikeun pamadeganana nepi ka kuponna béak.
- 8) Sabada kagiatan diskusi, unggal kelompok ngarumuskeun kacindekanana, sarta ditepikeun deui dina forum diskusi ku ketua kelompokna masing-masing.

Tina kacindekan jeung léngkah-léngkah ieu panalungtikan, dihasilkeun sababaraha implikasi panalungtikan saperti dibéréndélkeun ieu di handap.

- 1) Patali jeung topik nu di sawalakeun, ngawengku:
 - a. siswa paham kana masalah, katitén tina eusi caritaanana anu akurat tur luyu jeung topik;
 - b. dina nepikeun pamadeganana, lancar pisan boh tina basana boh tina nyangking bahanna;
 - c. dina nepikeun pamadeganana, dumasar kana fakta anu ngarojong;

Dini Nurjanah, 2014

Implementasi Model Time Token Arends dalam Pembelajaran Berbicara Bahasan Budaya Sunda Siswa Kelas VIII.2 SMP Negeri 4 Cimahi Taun Ajaran 2014/2015

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- d. pernyataan anu ditepikeun kaharti ku anggota kelompok diskusi;
 - e. pamadegan anu ditepikeun hasil pamikiranana sorangan/orisinal;
- 2) Patali jeung téhnik nu digunakeun, ngawengku:
- a. siswa ngoméntaran dumasar kana fakta anu lengkep;
 - b. pamadegan anu ditepikeun museur kana téma bahasan;
 - c. siswa teu ngarasa diri loba kanyaho/handap asor, ngahargaan batur ku cara ngaregepkeun pamadegan batur nepi ka anggeus;
 - d. rasional teu émosional, narima pamadegan batur kalawan daria;
 - e. merhatikeun waktu nu ditangtukeun, luyu jeung waktu nu disadiakeun.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung kacindekan ngeunaan impleméntasi modél *Time Token Arends* dina pangajaran nyarita diskusi bahasan budaya Sunda siswa kelas VIII.2 SMPN 4 Cimahi taun ajaran 2014/2015, aya sababaraha hal anu dirékoméndasikeun, saperti ieu di handap.

- 1) Ayana hasil panalungtikan ngeunaan modél *Time Token Arends* anu geus kabukti sacara signifikan bisa ngaronjatkeun kamampuh nyarita dina diskusi bahasan budaya Sunda, dipiharep bisa dipaké ku para guru minangka salah sahiji alternatif modél pangajaran dina pangajaran nyarita.
- 2) Pangajaran bahasan budaya Sunda rata-rata ngabahas bahasan nu masih kénéh ahéng keur siswa tingkat SMP. Ku kituna saméméh ngayakeun diskusi, leuwih hadé guru méré gambaran jeung méré téma anu jéntré tur dipikaharti ngeunaan budaya Sunda nu rék di bahas dina éta pangajaran.
- 3) Dina pangajaran nyarita hususna diskusi, guru kudu parigel dina niténan siswa nu keur diskusi, sangkan kamampuh nyarita unggal siswa bisa kapeunteun sacara maksimal.
- 4) Ku sabab ieu panalungtikan ngagunakeun métode kuasi, dipiharep aya panalungtikan anu leuwih lega. Sangkan ieu modél teu ngan saukur éféktif dipaké di kelas VIII.2 SMPN 4 Cimahi taun ajaran 2014/2015, tur éféktif dina kagiatan diskusi wungkul, tapi bisa éféktif dina kagiatan pangajaran nu séjénna.